# Қәллибек Камалов ҳаққында және бир жаңа китап

Image not found or type unknown

**Жақында Ташкент қаласындағы «Янги Аср» баспаханасынан Өзбекстан Жазыўшылары аўқамының ағзасы, шайыр ҳәм аўдармашы, Өзбекстанға хызмет көрсеткен мәдeният хызметкери, Қарақалпақстанға мийнети сиңген журналист Янгибой Қўчқоровтың «Бургутга бош эгмаган Барс» атамасындағы жаңа романы басып шығарылды.**

Автор өзиниң бул жаңа дөретпесинде  “Эл-юрт ҳурмати” ордени ийеси, Мийнет Қаҳарманы, елимиздиң ақсақалы Қәллибек Камаловтың қыйын ҳәм мақтанышлы мийнет жолы туўралы кең түрде сөз етеди. Шығармада жазыўшы бир инсан өмири арқалы қарақалпақ халқының соңғы жүз жыллығындағы турмысына нәзер салады. Атап айтқанда, автор бас қаҳарман образы арқалы  У.Юсупов, Ш.Рашидов, Д.Қонаев, П.Сейтов, М.Жуманазаров, Н.Жапақов, Н.Маҳмудов сыяқлы ири тулғалардың ел ушын ислеген саўаплы ислерине тоқтап өтеди.

Романда тек ғана Нөкис, Төрткүл, Тақыятас, Хожели, Шоманай, Қанлыкөл, Қоңырат, Мойнақтың емес, ал, Беруний, Әмиўдәрья, Елликқала, Қараөзек, Тахтакөпир, Шымбай, Кегейли ҳәм Нөкис районларының да тарийхы ҳәм бүгинги күнине байланыслы мағлыўматлар жазылған.

Сондай-ақ, ҳүжжетли романда бас қаҳарманның балалық дәўири, яғный, өткен әсирдиң отызыншы жылларындағы елимиз басына түскен аўыр турмыс көркемлеў қураллары арқалы кеңнен сәўлеленеди. Әсиресе, бас қаҳарманның әкеси Камал Нуржан улының көркем образы қарақалпақлардың қаншелли дәрежеде дана, мийнеткеш ҳәм кеңпейил халық екенлигин дәлийллейди.

Ал, 1985-1989-жыллардағы К.Салықов ҳәм Т.Гдлян басшылығындағы “десантшылар” жол қойған наҳақлықлары анық эпизодлар жәрдеминде ашып бериледи.

Ең баслысы, ҳүжжетли романда бүгинги абадан елимиздиң раўажланыўына салмақлы үлес қосқан көплеген азаматлардың атлары ҳәм ислеген мәртлик

ислери бар.

Бул китап бүгинги ҳәм келешек әўлад ушын ана-Ўатанға сүйиспеншилик сезимлерин оятады, деп ойлаймыз.

**Адилбай Оразов,**

**Қарақалпақстан хабар агентлиги шолыўшысы**